

Enspeksyon Estanda Kalite Kay Seksyon 8



Legal Services of Greater Miami, Inc.

Pwojè Dwa Lokatè

KI LÈ YO PRAL ENSPEKTE KAY OU A?

Enspektè Estanda Kalite pou kay Seksyon 8 (HQS) pral enspekte kay ou a o mwen chak ane. Yo rele sa yon enspeksyon anyèl. Enspeksyon anyèl lan fèt ant 30-120 jou anvan reyinyon pou resètifye ki fèt chak ane.

Enspektè Seksyon 8 kapab enspekte kay la lòt lè pandan ane a si yo resevwa plent sou kondisyon kay la. Nan tout ka, Seksyon 8 dwe enfòme w anvan yo enspekte kay la..

KISA ENSPEKTÈ A PRAL CHÈCHE WÈ?

Enspektè seksyon 8 lan pral enspekte kay la, andan tankou deyò, pou l asire l ke li sekirize epi an eta pou moun kapab viv ladan li. Enspektè a kapab verifye chanm yo, koulwa yo, antre pòt yo, twalèt yo ak enstalasyon kizin yo, fenèt, griyaj, plòg elektrik, detektè lafimen, ansanm ak lòt pati nan kay la pou li asire li ke an bon eta.. Sa rele Estanda Kalite pou Kay (HQS).

KIYÈS KI RESPONSAB KONDISYON KAY LA?

Lokatè a responsab tout domaj ki plis pase ti domaj ki konn genyen nan kay ke lokatè a, manb fanmi li oswa envite yo fè. Enspektè a ap ekri yon rapò kote l'ap fè yon lis sou tout pwoblèm ki dwe repara. Nòmalmman, lokatè a dwe repara tout pwoblèm ki make ak "T". Pwopriyete a dwe repara tout pwoblèm ki make ak "L".

E SI LOKATÈ OSWA PWOPRIYETÈ A PA KAPAB FÈ REPARASYON YO A TAN?

Seksyon 8 kapab bay lokatè a oswa pwopriyete a plis tan pou li fè reparasyon nan kay la si gen sikonsans spesyal. Si lokatè a bezwen plis tan pou li kapab fè reparasyon an, ale nan biwo seksyon 8 lan pou w mande plis tan, epi eksplike yo rezon ki fè ou ta bezwen plis tan epi pa bliye kenbe yon kopi pou dosye pèsònèl ou.

KISA POU OU FÈ SI OU PANSE ENSPÈKTÈ YO TWONPE

Kontakte biwo enspeksyon otorite lojman yo, lè ou fin resevwa rapò enspeksyon, si ou pans eke enspektè fè yon evalyasyon ki pa bon. Enspektè a te kapab twonpe li sou yon kondisyon li pans eke nou dwe repara, oswa twonpe yo sou kiyès ki dwe ranje pwoblèm nan. Dwe. Eksplike poukisa oupanse ke enspektè a twonpe. Voye tout papyè oswa tout prèv ou genyen pou w sipòte pozisyon w lan. Fè yon kopi tout bagay ou voye bay biwo enspeksyon an. Sipèvizè ki nan biwo enspeksyon an ap revize ka w la. Si sipèvizè a dakò avèk ou, enspektè a ap ekri yon nouvo rapò.

Chak otorite lojman genyen yon delè pou w konteste rapò enspeksyon HQS lan. Genyen delè ki kout jiska 7 jou. Si ou pa dakò ak rapò an, ou dwe voye bay otorite lojman yo objeksyon w lan san pèdi tan.

KISA KI RIVE LÈ PWOPRYETÈ PA FÈ REPARASYON YO EPI KAY LA PA PASE DEZYÈM ENSPEKSYON AN?

Si pwopryetè a pa ranje atik ki nan rapò an nan 30 jou, Seksyon 8 ap sispann peye pati yo dwe peye nan lwaye a. Sa rele yon diminyasyon Asistans Peman Kay (HAP). Seksyon 8 la kapab rekòmanse peye lwaye a ankò si enspeksyon yo fè apre yo montre ke pwopryetè a te fè reparasyon yo. Sepandan, Seksyon 8 ap siman peye lwaye a lè pwopryetè a fè reparasyon yo. Le pli souvan li pap peye lwaye a pandan vyolasyon sa yo egziste.

Yon pwopryetè pap kapab mande yon lokatè pou l peye pati Seksyon 8 te konn peye a si enspeksyon an pa reyisi enspeksyon HQS lan. Menm si sa nan lwa, yon pwopryetè a kapab toujou eseye fòse lokatè a peye kòb lwaye an antye, epi menase pou li mete lokatè a deyò nan kay la. Si lokatè pat koze ankenn pwoblèm nan rapò enspeksyon an, lokatè pa JANM dwe peye pati lwaye ki pou Seksyon 8 lan. Pwopryetè a genyen yon kontra ak Seksyon 8, e li pwomèt pou li kenbe kay la nan yon bon eta. Si pwopryetè a eseye fè w peye oswa mete w deyò, oud we kontakte Legal Services san pèdi tan pou konsèy.

Si pwopryetè a pa pase dezyèm enspeksyon an epi ou pa panse pwopryetè a ap fè reparasyon yo, ou ka oblije kontakte Seksyon 8 epi mande yon Chanjman Kay pou w ale nan yon lòt kay.

KISA KI PASE SI KAY OU A PA PASE ENSPEKSYON AN APRÈ 30 JOU PASKE GENYEN VYOLASYON LOKATÈ?

Si lokatè a responsab pou vyolasyon ki make nan rapò enspeksyon an, epi lokatè a pa ranje yo nan yon delè 30 jou, Seksyon 8 kapab eseye koupe pwogram Seksyon 8 lokatè an genyen. Se pou sa li enpòtan anpil pou lokatè a ranje tout pwoblèm ki make “T” nan peryòd 30 jou aprè premye enspeksyon an.

Si lokatè a pa ranje pwoblèm yo epi kay la pa pase dezyèm enspeksyon an, lokatè dwe repare tout pwoblèm yo san pèdi tan. Imedyatman aprè pwoblèm yo fin ranje, lokatè a dwe rele biwo enspeksyon Seksyon 8 lan, epi mande yon lòt enspeksyon. Si biwo Seksyon 8 lan gen tan kòmanse pwosesis pou koupe pwogram nan, lokatè a dwe mande yon odyans. Fòk ou fè sa a lekri epi kenbe yon kopi pou ou. Pandan odyans lan, lokatè a ap genyen pou l bay prèv ke li ranje pwoblèm nan. Si lokatè a mande odyans nan, Seksyon 8 dwe kontinye peye pati lwaye li konn peye a, jiskaske yon pran yon desizyon final nan odyans lan.

Si otorizasyon Seksyon 8 lan koupe, lokatè a dwe peye pwopryetè a tout kòb lwaye a pou l kapab rete nan apatman an. Si lokatè pa peye tout lwaye a, pwopryetè a kapab mete lokatè a deyò paske li pa peye lwaye a. Yon lokatè Seksyon 8 ki ap afronte yon eviksyon dwe kontakte Legal Services of Greater Miami, Inc. san pèdi tan. Lokatè a dwe gade tou bwochi “Koman pou mwen reponn yon Eviksyon” pou w kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis eviksyon an.